

Konte Palm Beach **GID REZIDAN**



*Pran yon bon souf,
epi jis jwi lavi w*



www.pbcgov.com

ADRÈS BIWO KOLÈKTÈ TAKS & EVALYATÈ PWOPRIYETE

Remak: Yo vann sunpasses yo tout kote sa yo.

SÈVIS DISPONIB *

 Pèmi Konduit	 Taks Pwopriyete
 Anrejistremman Veyikil ak bato	 Taks Biznis
 Tès Konduit sou wout	 Lisans Lachas & Lapèch
 Sant Sèvis Egzanpsyon	 Taks Devlopman Touris

BELLE GLADE        

Sant Sèvis Belle Glade

2976 State Road #15, Belle Glade, FL 33430

Evalyate Pwopriyete: 996-4890 Pèseptè Kontribisyon: 355-2264

DELRAY BEACH       

Pèseptè Kontribisyon - Sèvis Zòn Sid

501 S. Congress Avenue, Delray Beach, FL 33445

Pèseptè Kontribisyon: 355-2264

Evalyate Pwopriyete Biwo Zòn Sid 

14925 Cumberland Drive, Delray Beach, FL 33446

Evalyate Pwopriyete: 276-1250

CENTRAL PALM BEACH        

SANT SÈVIS

4215 S. Military Trail, Lake Worth, FL 33463

Pèseptè Kontribisyon: 355-2264

PALM BEACH GARDENS       

North Konte Government Center

3188 PGA Boulevard, Palm Beach Gardens, FL 33410

Evalyate Pwopriyete: 624-6521

Pèseptè Kontribisyon: 355-2264

Palm Beach Gardens

Sant Sèvis  

3185 PGA Boulevard, Palm Beach Gardens, FL 33410

Pèseptè Kontribisyon: 355-2264

ROYAL PALM BEACH        

Sant Sèvis Midwestern Communities

200 Civic Center Way, Royal Palm Beach, FL 33411

Evalyate Pwopriyete: 784-1220 Pèseptè Kontribisyon: 355-2264

WEST PALM BEACH       

Robert Weisman Palm Beach County Governmental Center

301 N. Olive Avenue, West Palm Beach, FL 33401

Evalyate Pwopriyete: 355-2866 Pèseptè Kontribisyon: 355-2264

Pou plis enfòmasyon, vizite www.pbctax.com
ak www.pbcgov.com/papa.

Sèvis Pèseptè taks yo ofri nan lokal ki endike yo ka chanje nan nenpòt ki lè. .

Remak: Eksepte kote sa endike, tout nimewo telefòn nan publikasyon sa a nan zòn kòd 561 an.

TAB MATYÈ YO

Entwodiksyon	2
Salitasyon	2
Gouvènman	3
Komisyon sou Etik	4
Enspektè Jeneral	4
Fè biznis	4
Lisans biznis	4
Pèmi Pakin pou Andikape	4
Pèmi konduit/Anrejistremman veyikil ak bato	4
Edikasyon	5
Swen Sante	5
Amenajman Peyizaj	5
Bèt Domestik	6
Transpò Piblik	7
Sekirite Sosyal	7
Taks	7
Ramasaj fatra/Resiklaj	7
Sèvis piblik/Telefòn/Kab Televizyon	8
Enskripsyon Elektè	8
Konekte w	8
Zafè Konsomatè	8
Anplwa	8
Lwazi/Atraksyon Touristik	8
Bibliyotèk	9
Lanati/Sit Resif	9
Gid sèvis Konte Palm Beach	9
Pak yo/ Pisin yo/ Plaj yos	9
Televizyon PBC Chèn 20	9
Piblikasyon	10
Sant Akèy Pou Moun Aje	10
Opòtinite volontè	10
Sit Entènèt	10
Restriksyon Dlo	10
Siklòn	10
Nimewo Telefòn Itil	11
Lopital	12

ENTWODIKSYON

Ke ou te nouvo nan konte Palm Beach oswa ou tap viv la depi plizyè lane, bwochi sa a ka ede ou ak defi ke wap rankontre chak jou tankou jwenn yon pèmi pakin pou andikape, pran klas lannwit oswa enskri pou vote.

Ou pral jwenn enfòmasyon pou ede ou konekte ak kominote ou tankou pak ki nan konte a, bibliyotèk yo ak enstalasyon akwatik ki nan tout konte Palm Beach la.

Bwochi sa a bay lis tout lopital nan konte Palm Beach la ki genyen chanm ijans 24 sou 24 ak tout bilding administratif gouvènman konte a.

Gid sa a ka ede ou fè biznis ou pi rapid, kidonk ou ka gen plis tan pou jwi tout sa ke konte Palm Beach la gen pou l'ofri.



Konte Palm beach gen 47 kilomèt litoral lanmè pitorèsk

SALITASYON DE KONTE PALM BEACH!!

Konte Palm Beach gen yon bagay pou tout moun. Tanperati mwayèn li se 78 degre; 47 kilomèt litoral lanmè li yo gen anpil plaj piblik; epi chenn peyizaj li yo soti depi nan zòn ibèn yo jiska zòn agrikòl marekaj natirèl yo.

Nan Konte Palm Beach la, gen apeprè 160 teren gòlf piblik ak prive, dè santèn de tribinal tenis, plizyè douzèn pak, pak akwatik, waf pou bato, plonje ak sit pou plonje, ataksyon kiltirèl ak istorik, bibliyotèk rejyonal, pwogram edikasyon pou granmoun, dè santèn de kay pou adore, ak plizyè douzèn lekòl, kolèj ak inivèsite, lopital ak magazen / sant amizman.

Sèvis gouvènman Konte Palm Beach la gen ladan:

- Ayewopò
- Swen ak kontwòl bèt
- zafè konsomatè
- Ekstansyon koperativ
- ekonomi dirab
- Jesyon ijans
- jeni
- Jesyon resous anviwònman
- Ponpye
- resous pou san zabri
- lapolis
- pwogram migran
- Pak ak lwazi
- Planifikasyon / Repatisyon an zòn / bilding
- Zòn natirèl pwoteje

- demand dosye piblik
- Transpò piblik
- Wout ak pon
- Sèvis siperyè
- Drenaj dlo lapli
- Devlopman touristik
- Sèvis veteran
- Sèvis viktim
- Ramasaj fatra
- Sèvis piblik dlo ak tou rego
- Lojman pou mendèv
- Sèvis pou lajènès ak fanmi

Konte Palm Beach la jewografikman nan mitan 67 pi gwo pami konte nan Florid la epi li pi gwo pase eta Delaware. Konte a limite pa Lake Okeechobee, Everglades ak Oseyan Atlantik, yo tout ofri opòtinite lwazi nan bèl anviwònman natirèl. Pi gwo endistri yo ki nan konte Palm Beach la gen ladan touris, agrikilti ak konstriksyon.

Gen plis pase 1.4 milyon moun ki abite nan konte Palm Beach. Mòd de vi rezidan yo varye soti nan zòn ibèn jiska zòn riral yo, ak zòn ki pi peple nan ès la.

Anpil minisipalite bay rezidan yo sèvis tankou dlo, ramasaj fatra, lapolis ak ponpye. Nan kèk kominote ak zòn ki pa enkòpore yo, sèvis sa yo ka bay pa gouvènman konte a. Pou konnen si yon adrès pwopriyete se nan yon zòn ki enkòpore oswa ki pa enkòpore, vizite www.pbcgov.com/districtlocator oswa rele Divizyon Planifikasyon Konte Palm Beach nan 233-5300.

GOUVÈNMAN

Konstitisyon konte Palm Beach la antre an vigè Nan lane 1985. Vrè règ kay la bay Konsèy Komisyonè Konte a (BCC) kapasite pou l' kreye, atravè yon pwosedi òdonans odyans piblik lokal, lwa lokal ki pa an konfli oubyen espesifikman entèdi pa lalwa jeneral eta a oubyen konstitisyon leta a. Pwosesis sa a fèt san yo pa ale nan Lejislati Florid pou mande lejislasyon espesyal.

Sèt manb BBC yo konstitiye kò lejislatif gouvènman konte Palm Beach la. Komisyonè yo eli pou kat ane pa elektè nan distrik kote yap viv la. BCC a chwazi yon Majistra ak vis majistra chak ane.

BCC a reyini jeneralman lè premye e twazyèm madi chak mwa nan chanm memoryal Jane M. Thompson yo nan sizyèm etaj Sant Gouvènemantal Robert Weisman Palm Beach la, 301 N. Olive Avenue, West Palm Beach

Reyinyon yo distribiye pa kab sou chèn televizyon gouvènman konte a PBC TV chèn 20, epi yo difize tou sou www.pbcgov.com/CH20. Atelye yo fèt an jeneral katyèm madi nan chak mwa.

Piblik la ka ofri komantè a konsèy la lè gen "kesyon piblik la" kidewoule jeneralman premye Madi nan chak mwa. Nan moman sa rezidan yo ka adrese yo ak konsèy la sou tout kesyon ki gen rapò ak konpetans li. Tout moun ki swete pran lapawòl dwe ranpli yon fich de konsiltasyon piblik.



Biwo administratif santral la chita nan 301 N. Olive Ave., West Palm Beach.

Vizite sit www.pbcgov.com pou plis enfòmasyon sou orè reyinyon an, oswa rele 355-3229.

KOMISYON SOU ETIK

Misyon Komisyon sou Etik la(COE) se pou ankouraje entegrite nan sèvis piblik yo, pou ankouraje konfyans piblik la, epitou pou anpeche konfli ant enterè prive ak devwa piblik yo. Jiridiksyon li etann sou tout anplwaye ak fonksyonè konte a e minisipal yo ki eli e nome , plis manm Konsèy konsiltatif konte yo tou. COE a analize, entèprete, bay opinyon konsèy epi ranfòse kòd etik konte Palm Beach la, enskripsyon lobiist ak òdonans pòs-travay. Pou pote yon plent, rele liy dirèk etik la nan 355-1915 (oswa 877-766-5920) oswa itilize Fòm sou Plent Etik sou entènèt la.

Vizite www.palmbeachcountyethics.com/complaints.htm pou plis enfòmasyon.

BIWO ENSPEKTÈ JENERAL

Biwo Enspektè Jeneral la (OIG) te kreye sou òdonans konte a pou ankouraje ekonomi, efikasite ak efektivite nan pwogram kontaj ak operasyon konte yo epi pou anpeche ak detekte fwod e abi. Jiridiksyon OIG a etann li sou tout minisipalite nan konte a. Si ou gen rezon pou sispekte fwod piblik, fatra, move jesyon oswa movèz kondwit, rele liy dirèk la nan 877-283-7068. Ou ka rapòte tou fatra, fwod oswa abi sou entènèt nan www.pbcgov.com/oig/rwa.htm oswa atravè imel nan inspector@pbcbg.org.

Pou plis enfòmasyon, vizite www.pbcgov.com/oig.

FÈ BIZNIS

Enfòmasyon anba yo ap pèmèt ou fè yon biznis rapidman.

Lisans Biznis

Pou enfòmasyon sou lisans biznis lokal yo, kontakte Biwo pèseptè taks la nan 355-2264 oswa vizite www.pbctax.com.

Pèmi Pakin Pou Andikape

Pou enfòmasyon sou pèmi pakin enfim yo, kontakte Biwo Pèseptè kontribisyon an nan 355-2264 oswa vizite www.pbctax.com.

Pèmi Kondui/Anrejistremant Veyikil ak Bato

Ou kapab jwenn yon lisans pou kondwi nan Florid nan Depatman sekirite ak otomobil otowout nan Florid (DHSMV) oswa nan Biwo Pèseptè taks konte Palm Beach la . Pou pran yon randevou avèk DHSMV oswa pou chèche lè li ouvè yo ak kote biwo yo ye, rele 1-800-303-7288 oswa vizite www.flhsmv.gov.

Lwa federal REAL ID a etabli nouvo egzijans idantifikasyon pou jwenn yon pèmi kondui oswa kat idantifikasyon. Si lisans ou a gen yon etwal an lò nan kwen anwo a dwat, ou konfòm. Homeland Security egzije tout moun pou yo gen yon ID REAL a pati de 1e oktòb 2020. Si ou pa gen youn nan lè sa a, w ap bezwen yon dezyèm fòm idantifikasyon pou monte yon avyon komèsyal. Si ou bezwen yon ID REAL, ou dwe vizite yon sant sèvis epi konplete pwosesis la an pèsòn.

Pou enfòmasyon sou pèmi kondui epi anrejistremant e tit machin ak bato , kontakte Biwo Pèseptè taks la nan 355-2264 oswa vizite www.pbctax.com.

Edikasyon

Gen 193 lekòl leta nan konte a pami yo lekòl elemantè, wayen, segondè, ak altènatif. Distrik eskolè konte Palm Beach la ofri akademi de karyè ak pre-akademi nan nivo segondè. Genyen tou pwogram edikasyon eksepsyonèl elèv(ESE) pou elèv andikape ak elèv ki gen don e anglè pou moun ki pale lòt lang (ESOL).

Pou chèche konnen nan ki lekòl pitit ou pral patisipe, vizite www.palmbeachschools.org/planning/boundaries, oswa rele Biwo Fontye yo nan 434-8100.

Pou enfòmasyon sou vaksinasyon ki nesè yo ak ki kote pou jwenn yo, rele Pwogram Vaksinasyon Florid Depatman Sante Palm Beach la nan 840-4568 (gratis gratis 1-800-810-1225), oswa vizite www.pbchd.com epi klike sou Pwogram ak Sèvis.

Pou jwenn yon lis lekòl prive oswa pou enfòmasyon sou lekòl a domisil, rele Biwo Edikasyon Endepandan ak chwa parantal nan ministè edikasyon Florid la nan 1-800-447-1636.

Pou jwenn sant Head Start ki pi pre a, rele LSF children ak Head Start Services nan 233-1600, oswa vizite <https://lsfnet.org>.

Yo ofri tou edikasyon pou granmoun nan lekòl piblik yo. Pou lis ki pi resan an, rele Depatman Edikasyon pou granmoun ak kominote nan 649-6010. Ou ka vizite pbclearn.org (pou klas plezi ak lwazi), gedyes.com (pou jwenn yon diplòm ekivalans etid segondè aprendepbc.com (klas pou moun ki pale Panyòl), oswa esolpbc.com (klas anglè).

Konte Palm Beach gen yon kantite kolèj ak inivèsite tankou:

- Barry University
- Everglades University
- Florida Atlantic University
- Keiser University
- Lynn University
- Nova Southeastern University
- Palm Beach Atlantic University
- Palm Beach State College
- South University
- Strayer University

Swen Sante

Distrik Swen Sante Konte Palm Beach la ede rezidan ki gen fèb revni yo jwenn kouvèti asirans sante. Pou enfòmasyon, rele 659-1270 (gratis 1-866-930-0035) oswa vizite www.hcdpbc.org.

Amenajman Peyizaj

Konte Palm Beach gen plizyè divizyon ki okipe pwoblèm espesifik amenajman peyizaj.

Ranplasman/anlèvman pyebwa amenajman peyizaj.... 233-5037 (Zonaj PBC)

Kòd Vyolasyon peyizaj 233-5500

(Kòd Ranfòsman PBC)


Otikilti anviwonmantal 233-1759

(Ekstansyon Koperatif PBC)

Pou jwenn konsèy sou fason pou konsève dlo lè w ap itilize teknik jaden espesyal epi chwazi plant ki apwopriye, rele sèvis asistans telefonik koperativ jadye an ekstansyon mèt jaden an nan 233-1750.

Bèt Domestik

Chen ak chat ki gen 4 mwa ou plis dwe gen yon etikèt lisans kont raj chak ane ki achte pa entèmedyè Swen ak Kontwòl Bèt (ACC), veterinè lokal yo, oswa sou entènèt nan www.pbcgov.com/snap. LRezidan ki sou asistans piblik yo ka



Abri bèt prensipal pou Konte Palm Beach la a chita nan 7100

jwenn vaksinasyon gratis kont raj ak etikèt pou bèt ki esterilize yo. Lè y ap achte yon etikèt pou yon chen ki pa esterilize oswa chat Ameriken nan fanmi chat pedigre, Pwopriyetè a dakò ke bèt la pa pral itilize pou elvaj san pèmi pou reproduksyon ke l' dwe genyen pou fè sa. Nenpòt pwopriyetè bèt domestik ki elve bèt yo oblije achte yon pèmi reproduksyon nan ACC. Pou enfòmasyon sou pèmi, rele 233-1200.

Tout chat yo dwe esterilize nan Konte Palm Beach la a pati laj 4 mwa. Eksepsyon yo se pou chat pedigre ki te anrejistre nan asosiyasyon amatè chat ameriken, e si pwopriyetè a gen nan men l' yon pèmi de repwodiksyon ki delivre pa Swen ak Kontwòl bèt.

Konte a ofri sèvis chatte/esterilizasyon ki pa koute chè e/ou gratis. Esterilizasyon ki pa koute chè oswa gratis la disponib pou chat vyolan yo nan kad Pwogram Chat Kominotè. Rezidan sou asistans piblik ka jwenn esterilizasyon pou bèt domestik gratis. Pou enfòmasyon, rele 233-1261 oswa vizite www.pbcgov.com/animal.

Swen ak Kontwòl Bèt ofri tou vaksen kont raj ki pa koute chè, pis elektwonik, ak pakè vaksen chak ane pou chen ak chat. Tanpri vizite sit entènèt la pou pri ak detay. Swen Ak kontwòl Bèt gen yon varyete de bèt domestik ki disponib pou adopsyon. Rezidan ki gen 55 an oswa plis, yo ofri yo adopsyon espesyal pou chen ak chat. Tout chen ak chat ki adopte yo esterilize, pran vaksen e gen pis elektwonik. Pou enfòmasyon sou adopsyon rele 233-1200.

Si ou pèdi yon bèt domestik osinon si ou jwenn youn ki te pèdi ou kapab ale sou www.pbcgov.com/snap. Sit sa pèmèt yon moun ki pèdi yon zannimo domestik pou li ranpli yon fòmilè an liy ki la pou sa e pwofite poste yon foto zannimo a ki pèdi a. Abitan ki jwenn yon chyen oubyen yon chat dwe rapòte sa nan yon fòmilè an liy ki pral jwenn deptaman ki responsab koze sa yo. Pou plis enfòmasyon oubyen èd, tanpri rele nan 233-1282.

Maltrete bèt se yon krim. Tanpri rapòte nou ka neglijan ak maltretans sou bèt yo nan 233-1200, ext.0. Ou kapab bay Crimestoppers yon apèl anonim pou rapòte ka maltretans nan 800-458-TIPS oubyen ou kapab soumèt yon fòmilè an liy sou <https://secure.co.palm-beach.fl.us/PSD.ACC.AnimalCruelty/>.

Nou bezwen èd volontè yo nan divès aktivite ki gen nan sant akèy la tankou pwonmennen chyen, karese chat, gadri pou chyen ak antretyen pou bèt ki malad oubyen ki blese. Pou jwenn enfòmasyon, ale sou www.pbcgov.com/animal oswa rele 233-1281.

Sant akèy prensipal la chita kò li nan 7100 Belvedere Road, West Palm Beach, FL 33411. The West Konte facility chita kò li nan 3615 State Road 715, Pahokee, FL 33476 (924-5657). The West Konte facility gen jou espesyal li ouvè kote yo bay sèvis chatte bèt. Tanpri rele anvan ou pase wè nou, oubyen ale sou sit entènèt nou an, www.pbcgov.com/animal pou ka konnen lè nou fonksyone.

Pou li tout kondisyon ak regleman Swen Bèt Konte Palm Beach

poze yo, gade dekrè [98-22](#).

Transpò Piblik

Palm Tran bay sèvis transpò bis sou trajè nan komin Palm Beach. Pou enfòmasyon sou trajè yo rele nan 841-4BUS (4287) oubyen rele gratis nan 877-930-4287. Wap jwenn enfòmasyon tou sou sit entènèt nou an www.palmtran.org. oubyen nan nenpòt bibliyotèk nan komin nan. Pou enfòmasyon sou Palm Tran CONNECTION (sèvis transpò ki adapte pou granmoun ak pou ak andikape), rele nan 649-9838 oubyen rele gratis nan 877-870-9849.

Tri-Rail bay sèvis tren nan 3 komin: Miami Dade, Broward and Palm Beach. Pou kapab jwenn enfòmasyon rele nan 800-TRI-RAIL (1-800-874-7245) oubyen ale sou www.tri-rail.com.

Amtrak gen estasyon tren nan West Palm Beach, Boynton Beach and Boca Raton. Pou enfòmasyon rele nan 800-USA-RAIL (872-7245) oubyen ale sou www.amtrak.com.

Brightline se yon konpayi prive rout ray ki fè transpò nan tren soti West Palm Beach pou rive Miami ak yon arè lè li rive Fort Lauderdale. Pou enfòmasyon ale sou <https://gobrightline.com>.

Sekirite sosyal

Pou kontakte biro ki pi pre w la, rele nan 800-772-1213.

Taks

Propriyetè yo peye yon taks konte sou estimasyon pri byen yo posede a. Pou plis enfòmasyon rele Pèseptè Kontribisyon nan 355-2264 oswa Evalyatè Pwopriyetè nan 355-3230, oswa vizite www.pbctax.com ak www.pbcgov.com/papa, respektivman.

Si ou se propriyetè kay nan Florida e kay ou a se prensipal kote ou rete ou kapab dispanse de enpo ou te gen pou peye sou kay sa. Kèk moun ki avanse nan laj kapab benefisye lòt kalite dispans tou. Genyen tou dispans pou moun mari yo oubyen madanm yo mouri ak moun ki gen andikap. Ka say o trete nan biro ekspè imobilye yo ki loje nan batiman administrative ki nan konte an. (W ap jwenn lis biro say o anndan paj kouvèti livre sa.) An plis konte enpo yo, propriyetè yo kapab gen pou peye lòt enpo tou minisipalite yo enpoze.

Si w ap lwe kay ou a, apatman w lan, kay mobil ou an oubyen RV w lan pou si mwa ou mwens, gen yon si pou san enpo devlopman touristic pou al peye nan biro kolektè enpo a. Pou enfòmasyon rele nan 355-3547 oubyen ale sou www.pbctax.com/tdt.

Ranmase Fatra/Resiklaj

Si w ap viv nan yon minisipalite rele meri a pou enfòmasyon. Si w ap viv nan yon zòn ki pa fè pati okenn minisipalite rele Solid Waste Authority nan 697-2700 (Boca Raton, Delray Beach and the Glades: 866-792-4636). Si w pa konnen si w ap viv nan yon zòn ki pa fè pati okenn minisipalite rele Planning Division nan nan 233-5300, oubyen ale sou sit entènèt konte a www.pbcgov.com/districtlocator. Pou enfòmasyon sou kijan pou jwenn sak poubèl yo resikle gratis rele nan 866-NEW-BINS oubyen plase kòmman yo an liy sou www.swa.org.



Bis yo enkli enstalaon pou bisiklèt epi ka akomode chèz woulant

Sèvis Piblik/Telefòn/TV kab

Kouran nan preske tout Palm Beach Konte se Florida Power & Light ki pwodwi li (697-8000). Nan Lake Worth, se Lake Worth Utilities ki pwodwi kouran (533-7300). Gen plizyè minisipalite, plizyè sèvis endepandan, the Palm Beach Konte Water Utilities Department (www.pbcgov.com/waterutilities, 740-4600), ki founi dlo potab, oubyen ou kapab gen pi pa w. Sèvis Telefòn se AT&T (888-757-6500) ki founi sa, epi lòt konpayi ofri sèvis a pati kab oubyen entènèt. Youn nan prensipal founisè sèvis televizyon kab se Comcast (800-266-2278 oubyen 800-COMCAST). Kèk kominote kapab jwenn sèvis kab la nan men lòt founisè.

Enskripsyon elektè

Pou enskri pou vote rele sipèvizè biwo eleksyon yo nan 656-6200 (Boca Raton, Delray Beach and the Glades call 1-866-868-3321) oubyen chèchè aplike nan meri yo, bank, ajans asistans piblik, bibliyotèk ak lapòs. Ou ka ale tou sou www.pbcelections.org pou enfòmasyon sou kote pou vote, vote pa imel, kilè ak kibò pou vòt alavans yo epi vin travay nan biwo vòt.

Konekte w

Apre ou fin okipe w de biznis ou taka vle konnen plis a pwopo kominote ou a. Paj Stay Connected konte a, www.pbcgov.com/stayconnected, gen dènye nouvèl yo, evenman ak mizajou rezo sosyal yo sou konte a ak responsab yo.

Zafè Konsomatè

Depatman afè konsomatè asiste rezidan ak vizitè yo ak konsèy epi enfòmasyon sou move Pratik delwayal mele ak foub nan zafè biznis ak propriyete e bay tou enfòmasyon sou anak. Se depatman an ki regularize taksi, taksi-bato, limouzin ak antrepriz demenajman ak konpayi remòkaj machin. Depatman afè konsomatè founi tou èd swayan a domisil ak divètisman pou granmou I.D. badj. Pou plis enfòmasyon ale sou www.pbcgov.com/consumer oubyen rele nan 712-6600.

Anplwa

Si está interesado en las oportunidades laborales del condado de Palm Beach, visite la página de inicio del condado e www.pbcgov.com www.pbcgov.com epi klike sou Jobs. Pou lis prensipal anplwayè nan konte a rele CareerSource Palm Beach Konte nan 340-1060 (West Palm Beach) oubyen 829-2040 (Belle Glade), oubyen ale sou www.careersourcepb.com.



Mize Morikami ak Japonè Gardens nan Delray Beach gen evènman ak festival pandan tout ane a ki enkli pèfòmans kiltirèl tankou tanbou taiko.

Lwazi/Atraksyon Touristik

Si w enterese ak anplwa nan Palm Beach Konte, ale sou paj akèy konte a www.pbcgov.com, epi klike sou Things to Do. Ou ka vizite sit entènèt Palm Beach Konte Tourist Development Council la tou www.pbcgov.com/touristdevelopment pou enfòmasyon sou espò, lanati ak aktivite kiltirèl.

Sit entènèt Florida Discover the

Palm Beaches, www.thepalmbeaches.com, bay plis bagay ou ka fè nan konte Palm Beach. Pou enfòmasyon sou aktivite kiltirèl yo ale sou sit entènèt Cultural Council la www.palmbeachculture.com.

Mize Istori Richard ak Pat Johnson Konte Palm Beach la (ki sitiye nan tranbinal istori la nan 300 North Dixie Highway, West Palm Beach) gratis epi ouvé a piblik la. Pou plis enfòmasyon oswa pou pran yon randevou pou vizite, ale nan www.hspbc.org pou enfòmasyon, oswa rele Sosyete Istori Konte Palm Beach la nan 832-4164.

Bibliyotèk

Genyen 17 bibliyotèk nan tout konte a. Ale sou sit entènèt www.pbclibrary.org, oubyen rele nan 233-2600 (Boca Raton, Delray Beach ak the Glades: 1-888-780-4962) pou jwenn sikisal oubyen bibliyotèk mobil ki pi pre w la. Ta dwe genyen tou yon bibliyotèk minisipal nan kominote w la.

Lanati/Sit Resif

Pou enfòmasyon sou espas natirèl konte a ak resif yo rele Palm Beach Konte Environmental Resources Management nan 233-2400, oubyen ale sou www.pbcgov.com/erm. K ap jere twa sant natirèl: Okeeheelee, Green Cay ak Daggerwing. Pou konn anplasman yo rele nan 966-6600 oubyen ale sou www.pbcgov.com/parks. Pou avanti ekolojik nan tout zòn nan konte a ale sou sit entènèt Florida Discover the Palm Beaches la www.palmbeachfl.com.

Gid Sèvis Konte Palm Beach

Pou resevwa yon egzanplè repètwa sèvis nou yo gratis ki gen ladann nimewo telefòn, deskripsyon sèvis yo ak sit entènèt yo rele Palm Beach Konte Public Affairs nan 355-2754. Gid sa disponib tou sou sit entènèt konte a www.pbcgov.com/publications.

Pak yo/Pisin yo/Plaj yo

Pou kapab gen lis ak kat tout plas piblik konte a rele Parks & Recreation nan 966-6600 oubyen ale sou www.pbcgov.com/parks. Konte Palm Beach jere plis pase 100 propriyete tankou plas piblik, pisin, plaj, pak akwatik, pak pou jwen nan dlo, sant rekreyatif, teren tenis, espas pou jwe antre lib, anfiteyat, pak pou chen ak teren pou kan. Depatman Pak and Rekreyasyon an ofri kandite tou.



Westgate Splashpark se yon plas interaktif ki gen lonbraj avèk dlo pou jwe, aki nan Westgate Park and Recreation Center

Televizyon PBC Chèn 20

Administrasyon Palm Beach Konte a gen pwòp chèn televizyon li. PBC TV Chèn 20 bay pwogram edikatif ak pwogram administrasyon an ak reyinyon manm konsèy nan tèt konte a, kominike ak pwogram ki reyalize nan kominote a. Pou gen aksè ak orè a an liy ale sou www.pbcgov.com/CH20. Pou resevwa orè a sou fòm nimerik, voye yon imel bay pbctv@pbcbgov.org. AOu ka resevwa orè a tou pa kourye si w rele nan 355-4573.

Piblikasyon

Pou kapab wè piblikasyon Palm Beach Konte yo en liy, ale sou www.pbcgov.com/publications.

Sant Akèy Pou Moun Aje

Genyen twa sant akèy pou granmoun konte's [División de Servicios para Jubilados del condado](#): ap fè fonksyone: North Konte (Palm Beach Gardens, 694-5435), West Konte (Belle Glade, 996-4808), ak Mid-Konte (Lake Worth, 357-7100). Sant yo ouvè lasemèn. Genyen transpò ale/retou ki disponib nan sant lan, epi ou pa bezwen manm ni peye anyen.

Opòtinite volonte

Gen divès kalite travay pou volonte yo nan Palm Beach Konte an tankou travay ak granmoun yo, timoun yo, beef oubyen lanati. Pou plis enfòmasyon ale sou sit entènèt www.pbcgov.com/volunteer.

Sit Entènèt

Ale sou paj akèy sit entènèt konte a www.pbcgov.com pou gen enfòmasyon sou sèvis nou ofri yo, evenman nou yo, sit touristic, sèvis an li yak nouwèl. Klike sou Stay Connected pou abone ak Count-e- News, konekte ak paj ofisyèl konte a sou rezo sosyal yo oubyen telechaje aplikasyon.

RESTRIKSYON DLO

Presipal sous dlo potab South Florida se dlo ki ale chita kò yo anba tè a ki dlo lapli renouvle a chak fwa. Kantite lapli ki tonbe a kapab varye de yon ane a yon lòt, e mwens lapli vle di ke gen mwens dlo ki ale chita kò yo anba tè a. kidonk. Se pou sa, pandan kondisyon chechrès, sa enpòtan anpil pou conserve dlo, epi swiv restriksyon sèvi ak dlo. Sid Florid dlo jesyon distri a supervise resous dlo nan zòn Sid peyi a.

Pou plis enfòmasyon ale sou www.sfwmd.gov oubyen rele nan 1-800- 432-2045. Pou konsèy sou fason pou konsève dlo rele Division of Family & Consumer Sciences nan 233-1742.

SIKLÒN

Sezon siklòn nan atlantik la kòmanse premye jwen pou rive 30 novanm. Pou enfòmasyon sou siklòn ale sou www.readyabc.org.

NIMEWO TELEFÒN ITIL

Ijans:

Nimewo ijans (apèl oubyen mesaj)	911
FPL blakawoutf	697-8000
Sant kontwòl pwazon.....	1-800-222-1222
Ed pou moun aje/nimewo pou kriz.....	211
.....(547-1000, 866-882-2991 o 383-1112)	
TDD (pwoblèm tande).....	712-6342
Sèvis pou viktim 24 sou 24	833-7273
7273 Sèvis dlo 24 sou 24 ijans.....	740-4600, #1

Lòt:

Pwogram devlopman pou jèn	233-1731
Sèvis swen ak kontwòl bèt	233-1200
(West Konte 924-5657, South Konte 276-1344)	
Kwa wouj Ameriken	833-7711
Grefye ak kontwòlè	355-2996
Kòd anfosman	233-5500
Sèvis kominotè	355-4700
Konsomatè (PBC).....	712-6600
Asistans pou konsomatè (Florida)	800-435-7352
Ekstansyon koperativ	233-1700
Plan ijans	712-6400
Jeni ak travo piblik.....	684-4000
(toll-free 888-808-3121)	
FEMA.....	800-621-3362
Ponpye (ki pa ijans)	616-7000
Insurance Commissioner (Florida)	877-693-5236
Depatman lasante	840-4500
Head Start/Early Head Start	233-1600
Sèvis pou moun ak ansyen sòlda	355-4775
Sèvis kontwòl moustik	642-8775
Palm Tran	841-4200
Pak & Rekreyasyon	966-6600
Liy direk Pri eksesif (Florida)	866-966-7226
Depatman afè Piblik (PBC)	355-2754
Wout, Drenaj, Sikilasyon.....	684-4018
Salvation Army	686-3530
Distri Lekòl Konte Palm Beach la	434-8000
Sèvis pou Moun aje.....	355-4746
Cherif (ki pa ijans)	688-3000
Asistans pou Ti Biznis.....	616-6840
Otorite Jesyon Fatra	640-4000
Jesyon Dlo Distri Sid Florid	686-8800
Kan Ete (PBC PaK & Rekreyasyon)	966-7054
Sipèvizè Eleksyon	656-6200
Enfòmasyon sou Trafik ak Wout.....	511
Reparasyon Siyal Trafik.....	233-3900
United Way nan Konte Palm Beach.....	375-6600
Sèvis Pou Jèn.....	625-2540

LOPITAL

Bethesda Hospital East	737-7733
2815 S. Seacrest Boulevard, Boynton Beach	
Bethesda Hospital West.....	336-7000
9655 W. Boynton Beach Boulevard, Boynton Beach	
Boca Raton Regional Hospital	395-7100
800 Meadows Road, Boca Raton	
Delray Medical Center.....	498-4440
5352 Linton Boulevard, Delray Beach	
Good Samaritan Medical Center.....	655-5511
1309 N. Flagler Drive, West Palm Beach	
JFK Medical Center - Boynton Beach (Sven ijans sèlman)	
.....	548-8250
10921 S. Jog Road, Boynton Beach	
JFK Medical Center - Main Campus.....	965-7300
5301 S. Congress Avenue, Atlantis	
JFK Medical Center - North Campus	842-6141
2201 45th Street, West Palm Beach	
JFK Medical Center - Palm Beach Gardens (Sven ijans sèlman)	
.....	548-8200
4797 PGA Boulevard, Palm Beach Gardens	
Jupiter Medical Center	263-2234
1210 S. Old Dixie Highway, Jupiter	
Lakeside Medical Center	996-6571
39200 Hooker Highway, Belle Glade	
Palm Beach Gardens Medical Center.....	622-1411
3360 Burns Road, Palm Beach Gardens	
Palms West Hospital	798-3300
13001 Southern Boulevard, Loxahatchee	
St. Mary's Medical Center	844-6300
901 45th Street, West Palm Beach	
Wellington Regional Medical Center	798-8500
10101 Forest Hill Boulevard, Wellington	
West Boca Medical Center.....	488-8000
21644 State Road 7, Boca Raton	
West Palm Beach VA Medical Center	422-8262
7305 N. Military Trail, West Palm Beach	1-800-972-8262



Vizite sit entènèt Konte Palm Beach la

www.pbcgov.com

pou lyen dirèk nan:

- Count-e-News (bilten sou entènèt)
 - Depatman konte yo
 - Piblikasyon konte yo
 - Aktyalite nouvèl
 - Kalandriye Evènman
 - Travay
- Pwogram Televizyon PBC sou demand
 - Sèvis sou entènèt
- Chèn televizyon PBC 20 An dirèk
 - Demann Dosye Piblik
 - Rezo sosyal
 - Bagay pou fè
 - Opòtinite volontè

**Depatman afè Piblik
Nan eta Palm Beach
301 N. Olive Avenue, Suite 1102
West Palm Beach, FL 33401
561-355-2754**

Septanm 2018



**Konsèy Komisyonè Konte
pou Konte Palm Beach**

An akò avèk dispozisyon ki nan ADA a, yo ka mande dokiman sa anan yon lòt fòm.